

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

DESANM 2018

Biltén 11, NIMEWO 48

SA KI LADAN:

- Edikasyon sou Nivo Dlo Lanmè ki Ap Monte
- Direksyon Komisyon Konsèy Lekòl la

FANMI M-DCPS LA SWETE NOU YON BON VAKANS!



TOUT LEKÒL, ETABLISMAN M-DCPS YO AP FÈMEN POU VAKANS IVÈ A

Tout lekòl leta Miami-Dade County ak pifò biwo administratif yo ap fèmen pou Vakans Ivè a soti lendi 24 desanm 2018 jiska vandredi 4 janvye 2019. Elèv ak anplwaye, eksepte Polis Lekòl Miami-Dade yo, ap an vakans pou de (2) semèn.

Biwo Economic Opportunity, Human Capital Management, ak Risk and Benefits Management ap gen anplwaye disponib pou publik la nan Bilding Administrasyon Komisyón Konsèy Lekòl la kòmanse

DECEMBER						
SU	MO	TU	WE	TH	FR	SA
					1	
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30	31					

8:00 dimaten pou 4:30 nan aprèmidi 27 ak 28 desanm 2018 e 2 ak 4 janvye 2019.
lendi 7 janvye 2019.

Lekòl ak biwo yo ap re-ouvè

DAT ENPÒTAN

24 DESANM
– 4 JANVYE
Vakans Ivè

15 JANVYE
Dat Limit pou
Aplikasyon Magnet

18 JANVYE
Jounen pou Pwofesè Fè
Planifikasyon

21 JANVYE
Obsèvans Anivèsè Nesans
Dtè. Martin Luther King Jr.

18 FEVRIYE
Jounen Tout Prezidan yo

REYINYON KOMISYON
KONSÈY LEKÒL

19 desanm
16 janvye

11:00 dimaten
11:00 dimaten

Reyinyon Regilye
Reyinyon Regilye

MAKE DAT LA! FWA KOLÈJ MIAMI AN



Reprezantan k ap soti nan prèske 200 kolèj ak inivèsite ap nan Fwa Kolèj Nasyonal 2019 Miami an – dimanch 24 fevriye 2019, pou rankontre elèv ak paran sou sijè tankou èd finansye, planifikasyon pou kolèj, admisyon, ak kondisyon pou pran egzamen.

Fwa a, ki gratis, ap fèt soti 12:00 pou 4è nan aprèmidi, nan DoubleTree by Hilton Hotel Miami Airport & Convention Center, 777 N.W. 72nd Ave., Miami, FL 33126. Pakin se \$5, lajan kach sèlman.

Mande enfòmasyon nan divès kolèj/inivèsite nan Fwa Kolèj la fasil. Lè elèv enskri davans, yo ka enprime yon konfirmasyon ki kode y ap ka itilize nan Fwa a kòm yon idantifikasiyon elektwonik. Elèv ka enskri davans nan www.gotomyncf.com.

Pou plis enfòmasyon, rele nan 305-995-1739 oubyen vizite www.nacacnet.org.

HANTMAN, KARP PRAL KONTINYE DIRIJE KOMISYON KONSÈY LEKÒL LA



YON FASON OU KA KONNEN KIJAN MONTE NIVO DLO LANMÈ A KA AFEKTE KAY OU



Li ka difisil pou w imajine egzakteman kijan monte nivo dlo lanmè a ka transfòme Sid Florid la. Dlo a ap pi wo sou plaj yo. Ap gen plis sitiayson kote dlo lanmè a ap fè inondasyon pandan gen solèy. E, Kòm monte dlo lanmè a ap pouse dlo ki anba tè a, n ap wè plis inondasyon apre lapli paske gen mwens espas pou dlo a evakye.

Men èske monte nivo dlo lanmè ka afekte zòn kote w rete a? Gen aplikasyon ki ka ede w jwenn repons la.

Susan Jacobson se yon pwofesè k ap anseye journalis nan 'Florida International University.' Li kreye de (2) aplikasyon pou ede moun nan Sid Florid wè kijan monte

nivo dlo lanmè ka afekte kay ak biznis yo. Aplikasyon "Eyes On the Rise" (Siveye Monte Nivo Dlo Lanmè) an pèmèt ou antre adrès ou e wè kijan youn, de (2) oubyen menm sis pye wotè nivo dlo lanmè a ka afekte pwopriyete w la. Aplikasyon "Will It Flood?" (Èske Ap Gen Inondasyon?) a montre ki jou nan mwa a inondasyon vag lanmè a lakoz ka rive toupre kay ou, e li ede sitwayen syantis yo tou pou yo rapòte inondasyon bay moun ki ap fè rechèch yo.

Jacobson di WLRN monte nivo dlo lanmè a pa afekte sèlman zòn ki toupre lanmè a. Li di, "ou ka ap vin sou yon zile ki sèch, men li ka difisil pou w al travay oubyen pou

w pran I-95... Monte nivo dlo lanmè a se – vrèman – pi gwo istwa nan Sid Florid la."

Pou w tandé tout entèvyou yo te fè avèk Susan Jacobson konsenan "Eyes On the Rise" ak "Will It Flood?" vizite <http://www.wlrn.org/post/will-flooding-sea-level-rise-impact-your-house-app-lets-you-find-out>.

Atik sa a fèt atravè yon patenarya avèk WLRN. Nou ka jwenn plis repòtaj sou ogmantasyon nivo dlo lanmè a sou WLRN nan <http://www.wlrn.org/term/sea-level-rise> e nan kolaborasyon "Invading Sea" avèk 'Miami Herald,' 'South Florida Sun-Sentinel' ak 'Palm Beach Post.'

Yo re-eli Perla Tabares Hantman kòm Chèmann Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County pou ane lekòl 2018-2019 la. Hantman, ki reprezante Distri 4, te premye eli nan Komisyón Konsèy Lekòl la an 1996. Madan Hantman pral sèvi pou yon 11èm fwa san presedan kòm Chèmann. Li te premye fi Ispanik ki sèvi kòm Chèmann, e li te sèvi avan sa an 1999-2001, e apre sa chak ane youn apre lòt, soti 2010-2015 e ankò an 2017.

Yo re-eli Dtè. Martin Karp kòm Vis Chèmann. Dtè. Karp, ki reprezante Distri 3, te premye eli nan Komisyón Konsèy Lekòl la an 2004. Sa fè katriyèm fwa l ap sèvi kòm Vis Chèmann. Li te sèvi ane pase e avan an 2006 ak 2012.

ANNOU NAVIGE RÈGLEMAN SOU KONDUIT ELÈV LA

"Code of Student Conduct (COSC)" (Règleman sou Konduit Elèv) etabli estanda sou konduit yo atann pou elèv demontre nan yon anviwònman aprantisaj ki delibereman ansekitrite kote yo valorize prensip swen, koutwazi ak respè pou dwa lòt moun. Nan reyinyon novanm 2018 li a, Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade, Florid te adopte nouvo COSC revize a ki sou menm liy ak dènye egzijans lokal, eta, ak federal yo avèk yon konsantrasyon sou pwomosyon yon anviwònman aprantisaj ki asire siksè akademik.

Li enpòtan pou paran/gadyen, ansam ak pitit yo, pran tan pou yo revize COSC a. Pami revizyon siyifikatif ki fèt yo genyen: Dimansyon Otorite; Rekonèt Enpòtans Valè yo; Konpòtman ak Seri Estrateji Korektif; Nuizans ak Arasman; Konduit Andeyò Kanpous lekòl la; Menas Vyolans; Anba Enflyians;



Itilizasyon Teknoloji ak Ofans Sou Òdinatè; Règ Zewo Tolerans; Plase Elèv nan yon Pwogram Edikasyon Altènativ; Anilasyon Privilèj pou Pran Otobis; Anilasyon Pèmisyon pou Patisipe nan Aktivite Sosyal/Andeyò Lekòl; Pwosedì Detèminasyon Manifestasyon; Sèvis Sante Mantal; Nouvo Tèm nan Glosè a. Kòm rapèl, silvouplè pale avèk pitit ou sou fason kèk konpòtman yo genyen lekòl la e andeyò lekòl la kapab yon vyolasyon COSC a e li ka yon vyolasyon lalwa Florid tou. Vyolasyon sa yo ka lakoz aksyon disiplinè otorite

aplikasyon lalwa lokal yo ka fè, anplis aksyon lekòl/distri a ap pran.

Kòmanse 7 janvye 2019, paran/gadyen ka gen aksè sou COSC a pou telechaje I lè yo vizite <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index.htm>. Anplis, lekòl pitit ou a ap voye yon lèt pou tout paran/gadyen konsènan COSC yo fèk adopte a ansam ak yon kopi Resi kote ou Rekonèt ou Resevwa I e ou Revize li.

DIREKTÈ JODI A



Plis pase 350 patnè kominotè te pran kontwòl chak lekòl elemantè, K-8, mwayen ak segondè nan M-DCPS mwa sa a. "Principal TODAY" (Direktè JODI A) ap kontinye tradisyon pou fòme nouvo patenarya ki fè sans ant lekòl ak kominote a pou benefis elèv yo. Kalite moun ki te sèvi kòm Principal TODAY klase nan "CEO" (Ofisyè Egzekitif Anchèf) kòporasyon, ti biznis, ak òganizasyon a baz kominotè; selebrite; ofisyèl eli ak manm medya lokal e nasyonal. Pandan vizit lekòl yo, patnè Principal TODAY yo te eksperimente tout bagay, soti nan salitasyon avèk non yo nan ansèy antre lekòl la, rive nan bay anons nan maten, bay asistans nan salklas, reyinyon paran ak yon kantite lòt travay direktè yo responsab pou yo fè chak jou.

ENSKRI KOUNYE A! DEFI 2019 KOUS/MACH 5 KILOMÈT SIPÈENTANDAN AN

Kous pou Edikasyon Sipèntandan an pwograme pou samdi 13 avril 2019, nan Museum Park. Nou ankouraje patisipan yo pou yo chwazi yon lekòl, e kouri nan non ekip lekòl sa a. Yon pòsyon nan pwofi evènman an pral jwenn lekòl ki gen ekip lekòl ki ap patisipe. <https://www.athlinks.com/event/superintendents-5k-challenge-race-for-education-167578>



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo
Josh Rios
Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon Biwo Kominikasyon an

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon